PANGÉRAN
LEUWEUNG SOLÉAR

Produk Penerjemahan Cerita Anak tahun 2021

Penulis : Eko Saptini
Penerjemah: Wildan Fisabililhaq

Bahasa Sunda Banten

PANGÉRAN LEUWEUNG SOLÉAR

Produk Penerjemahan Cerita Anak tahun 2021

Penulis:
Éko Saptini

Penerjemah:
Wildan Fisabililhaq

Terjemahan ini diterbitkan pada tahun 2021 sebagai produk
kegiatan Penerjemahan yang diselenggarakan oleh
Kantor Bahasa Provinsi Banten
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi

PANGÉRAN LEUWEUNG SOLÉAR
Produk Penerjemahan Cerita Anak tahun 2021

Diterjemahkan dari buku cerita anak berbahasa Indonesia yang berjudul ***Pangeran Hutan Solear*** karya Eko Saptini terbitan Kantor Bahasa Provinsi Banten tahun 2019.

Penulis&Ilustrator: Éko Saptini
Penerjemah : Wildan Fisabililhaq
Penata Letak : Déni Aswandana
Penelaah : 1) Halimi Hadibrata
2) Anitawati Bachtiar

ISBN: 978-623-98658-2-5
Cetakan pertama, November 2021

Penanggung Jawab : Halimi Hadibrata
Ketua Pelaksana : Anitawati Bachtiar
Tim Editorial : 1. Flora Sinamo
2. Nanda Ghaida
3. Adek Dwi Oktaviantina

Hak Cipta Dilindungi Undang-undang
Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan penulisan artikel atau karangan ilmiah.

Prakata

Cerita anak merupakan salah satu media yang paling efektif untuk mendidik anak. Bahkan sejak zaman nenek moyang kita, cerita anak telah dijadikan media untuk menyampaikan pesan moral atau pesan kebajikan. Terjemahan cerita anak dari bahasa Indonesia ke bahasa daerah akan membantu anak-anak mengenal kebudayaan dan kearifan lokal daerahnya.

Tim Panitia Seleksi Penerjemah Cerita Anak Kantor Bahasa Provinsi Banten bersyukur dapat menerbitkan *Pangéran Leuweung Soléar*. Kehadiran terjemahan buku cerita anak ini diharapkan bisa menjadi bahan bacaan yang bermanfaat bagi anak usia sekolah dan memberikan pemahaman yang lebih dalam tentang bahasa daerah dan budaya Banten karena sebuah karya sastra secara tidak langsung banyak memberikan pengetahuan dan informasi yang berharga tentang lingkungan, kehidupan, dan budaya masyarakat lokal.

Tujuan penerbitan terjemahan cerita anak ini diharapkan dapat meningkatkan minat baca anak terhadap karya sastra dan pemahaman kita bersama tentang lingkungan dan budaya masyarakat di Banten. Penerbitan terjemahan cerita anak ini pula merupakan salah satu upaya penguatan budaya literasi dengan menyediakan bahan-bahan bacaan yang dapat dimanfaatkan baik di sekolah-sekolah maupun di komunitas pegiat literasi dan pemerhati bahasa daerah.

Akhir kata, Kantor Bahasa Provinsi Banten mengucapkan terima kasih kepada para penerjemah dan tak lupa kepada tim seleksi penerjemahan cerita anak yang telah terlibat pada kegiatan produk penerjemahan cerita anak tahun 2021 ini. Harapan kami, semoga buku ini bermanfaat untuk membentuk karakter anak Indonesia yang unggul, berdaya saing, dan bermartabat.

Kepala Kantor Bahasa Provinsi Banten
Halimi Hadibrata

Daftar Isi

Prakata	i
Daftar Isi	ii
Prolog	2
Pangeran Leuweung Solear	4
Epilog	52
Biodata Penulis	54



Prolog

Aya carita heubeul ngeunaan Leuweung Soléar. Leuweung nu aya di Banten. Ieu carita dijadikeun dongéng keur budak samémèh saré. Dongéng jang méré ajén kahirupan pikeun tuladan keur maranéhanana. Dongéng nu eusina usaha keur hirup huripna manusa nu kudu misah ti kolotna. Babaturan nu sajati antara mahluk ciptaan Pangéran anu teu mandang darajat jeung rupa. Tingtrimna kahirupan manusa nu salawasana sabar jeung narima kadar ti Gusti nu Maha Kawasa.



Carita dimimitian ku Raja Kertamukti nu moro ka Leuweung Soléar. Ku teu kahaja éta panah raja niruk dadana Resi nu keur tatapa di éta leuweung. Sang Resi pohara nyeri haténa jeung ngucap kutukan, cenahna jaga isuk Raja bakal boga anak nu beungeutna nyeplés ka monyét. Raja Kertamukti ménta hampura sabab éta hal teu kahaja jeung uluk-uluk ka Sang Resi, supaya kutukanana dileungitkeun. Ngadéngé paménta hampurana Raja nu sumerah ihlas, tungtungna mah Sang Resi ngomong, cénah géh beungeut budakna bakal salin rupa jadi jelema deui lamun aya hiji putri nu beresih haténa narima kaayaan putra mahkota kadoang kitu.

Sataun kaliwat, Ratu Karajaan Kertamukti ngalahirkeun orok lalaki. Putra pangwaris karajaan nu kurang milik ti mimiti hirup di alam dunya. Orok nu karak lahir mibeungeut monyét, beungeutna leubeut ku bulu-bulu, sakabéh awakna géh kitu. Ditambah miboga buntut nu lojor jasa. Éta orok sanajan karak hirup géh geus kudu papisah jeung kolotna. Ieu orok nu jadi Pangéran Leuweung Soléar.

Raja jeung Ratu perlu nutupan aib karajaan Kertamukti nya éta budakna nu geus dibéré ngaran Pangéran Satria Anom. Putra Mahkota diasingkeun ka leuweung Soléar. Éta hal dilakukeun ajang kahadéan hirup huripna Pangéran. Raja jeung Ratu sabenerna mah ngarasa dosa geus ngajauhkeun kahirupan putrana ti karajaan. Jati diri Pangéran Satria Anom disamunikeun supaya Pangéran aman. Kulawarga karajaan euweuh nu nyaho dimana cicingna éta Pangéran Satria Anom, iwal ti Raja jeung Ratu Kertamukti sarta bujang andelanana nya éta Ki Asmani.



Pangéran Satria Anom ngan hirup jeung Ki Asmani di Leuweung Soléar, cukleuk leuweung cukleuk lamping jauh ka sintung kalapa, jauh ka kolot jeung dulurna ti karajaan. Ki Asmani nya éta abdi karajaan nu dipercaya jasa ku Raja. Ki Asmani ngarawat jeung ngajagaan Pangéran Satria Anom kadoang anakna sorangan. Ki Asmani ngan bisa maturan Pangéran datang ka nincak umur rumaja. Éta bujang Pangéran maot sabab umurna mémang geus kolot. Saacan maotna, Ki Asmani méré nyaho ka Pangéran supaya balik deui ka Karajaan Kertamukti, lamun beungeutna ngarupa jelema. Sanggeus kitu Ki Asmani ménta Pangéran nyalin ngaranna jadi Pangéran Leuweung Soléar.

Pangéran Leuweung Soléar maké lomar anu warnana semu emas. Lomarna ngamotif manuk. Éta motif nu masieup éndah aya di dua sisi lomarna. Pangéran maké geulang emas di sakabéh leungeun jeung sukuna. Wangun buleud di tengah geulangna mangrupa tanda kulawarga karajaan. Hartina Pangéran Leuweung Soléar nya éta Putra Mahkota Karajaan Kertamukti.

Peri Leuweung horéng cicing ogé di Leuweung Soléar. Ieu Peri melak kekembangan di buruan imahna. Manéhna geulis, sieup ku pakéan nu warnana héjo. Nambah geulis baé runtuyan kembang dipakékeun di luhur huluna. Éta Peri biasa sadangdan ku runtuyan kembang leuweung. Peri Leuweung horénganan ngajagaan Pangéran Leuweung Soléar. Jiwa welas asihna Peri ngajadikeun Pangéran bungah baé, najan di pangasingan ogé.

Putri Sekar Konéng nya éta putri ti Karajaan Amanjaya nu geus kasohor ku kageulisan jeung kahadéanana. Rupana geulis jasa, kulitna héjo carulang saking ku beresihna. Imutna pikaresepeun jiga kembang nu keur mekar. Putri Sekar Konéng kasohor putri raja nu hadé jasa. Ménahna biasa nulung jalma nu butuh, nalang jalma nu susah, mantuan warga karajaan nu teu mampu. Manéhna ogé pohara resep dina ngarawatan satoa leuweung nu gering. Haténa gampang surti mun neuleu batur sangsara.

Waktu Pangéran Leuweung Soléar diuk di luhureun batu gedé nu aya di tengahing talaga. Manéhna ngalamun bari sorot matana ngadeuleukeun kembang taraté nu hirup sakadaék di luhureun talaga. Manehna teu geura leumpang ti éta batu nu geus lukutan. Awakna Pangéran Leuweung Soléar kahalangan ti cahya matapoé, ku sabab batu gedé aya di sahandapeun babatangan nu pohara suburna. Ari pangéran biasana mah niis lila dina éta batu gedé nepi ka tengah poé, mun geus ngarasa bosen di jero imah.



Pangéran Leuweung Soléar jeung Putri Sekar Konéng mimiti panggih di Talaga Leuweung Soléar. Putri Sekar Konéng kagét jasa neuleu monyét sagedé jelama aya di tengah leuweung, datang ka gégéréwékan gégér kalap kasieunan. Pangéran lajuna naék ka batang nu aya di deukeuteun jang nyamuni. Manéhna ngintip-ngintip tina gumplukan dangdaunan nu leubeut. Sukuna pageuh di dahan babatangan nu pohara kuatna. Putri Sekar Konéng asa kasalahkeun jeung ngawanikeun maneh ngageroan Pangéran Leuweung Soléar. Sorana halimpu jasa ngajadikeun Pangéran tengtrem.

Pangéran Leuweung Soléar éraeun lamun némbongkeun beungeutna ka Putri Sekar Konéng. Pangéran ngusahakeun pikeun beungeutna supaya henteu kadeuleu, sabab manéhna kakarak deui manggih jelema salian ti Ki Asmani. Jadi, manéhna neuleu Putri tina sela-sela jarina. Sabagian awakna ogé disumputkeun di burieun batang gedé.

“Andika, saha Kang?” Putri Sekar Konéng nanya ka Pangéran Leuweung Soléar.

“Kula, Pangéran Leuweung Soléar.”

“Kami, Putri Sekar Konéng ti Karajaan Amanjaya nu keur nangguan pun bapa réngsé tina pamoroan. Ari Kaka cicing di ieu leuweung?”

"Enya."



Ku ngadéngé jawaban kitu, éta Putri nu geulis jeung calakan, sadar cenah babaturan anyar panggihna masih ham-ham kana pangajak nu nawarkeun batur. Lajuna, manéhna nyobaan ngayakinkeun Pangéran Leuweung Soléar, mun manéhna éta bener- bener hayang jadi baturna.

"Kami rék datang ka talaga deui jag isuk. Kami miharep Kaka daék maturan, keur méré nyaho ieu eusi leuweung doang kumaha."

"Enya"

"Nuhun, Kaka."

"Enya."

Putri Sekar Konéng laju indit deui bari ngagupay leungeunna ka Pangéran Soléar bari némbongkeun imut manisna. Imut nu geugeut Putri Sekar Konéng diinget jasa ku Pangéran Leuweung Soléar.

Putri Sekar Konéng isok datang sorangan ka Leuweung Soléar keur manggihan babaturan anyarna, nya éta Pangéran Leuweung Soléar. Pangéran Leuweung Soléar pohara bungahna bisa babaturan jeung Putri Sekar Konéng. Pangéran rikat, luluncatan rikat ti dahan ka dahan jang ngala bubuahan ajangkeuneun Putri Sekar Konéng. Pangéran panasbaran, hayang geura-geura panggih nangguan datangna Putri Sekar Konéng. Haténa Pangéran kabandang katalian ku kahadéan Putri Sekar Konéng.

Waktu Putri Sekar Konéng datang ka imahna Pangéran Leuweung Soléar, panto imahna muka ngan pangéranana nu henteu emba di jerona. Lajuna mah putri nyiaran ka luar bari ngageroan Pangéran Leuweung Soléar, ngan angger can nyaut-nyaut baé. Geus kitu Pangéran Leuweung Soléar balik, leumpangna sasampoyongan. Manéhna ngarandang ka panto imah, laju gapruk ngoléang euweuh tanagaan, ngalungsar teu walakaya. Mokla ngabayabah ti bagéan awakna. Jamparing pamoroan nancleb jero jasa di dadana.

Putri nu welas asih kagéteun jasa neuleu kaayaan Pangéran Soléar harita. Putri Sekar Konéng lajuna ngubaran pangéran ku tutuwuhan nu aya di sakuliah leuweung.

Kaayaan kaséhatan Pangéran Leuweung Soléar mingkin parna. Pangéran acan sadar ogé tina kasakit nu karandapanana, sanajan raheutna urut jamparing geus éndah. Gerakan jajantung mingkin kendor baé. Suhu tina awakna ogé beuki manasan. Putri Sekar Konéng nambah hariwang ku kaayaan Pangéran Leuweung Soléar.



Putri nu welas asih teu eureun-eureun neuleu beungeutna pangéran. Sorot matana ngoléas, karunya kadeuleuan ku cimatana ngumpul dina juru matana. Éta cimata nu ihlas tina haté anu wening bersih, ujug-ujug ngeclak, ngucur teu eureun-eureun ragag kana beungeut Pangéran Leuweung Soléar. Lajuna datang kaajaiban.

Paroman Pangéran Hutan Soléar ujug-ujug cahayaan waktu kakeclakan ku cai matana Putri Sekar Konéng. Cahyana warna héjo nu mancar tina tongkat Peri Leuweung nu nunjuk ka dadana pangéran. Bulu nu aya dina beungeut jeung awak pangéran lajuna leungit saharita. Buntut Pangéran Leuweung Soléar ogé milu leungit. Ti dinya mah Pangéran Leuweung Soléar bisa usik deui, awakna geus bisa gerak deui, imutna mekar pikaresepeun. Pangéran Leuweung Soléar geus salin rupa ngajadi pangéran anu kasép jasa.



“Hatur nuhun Putri Sekar Konéng. änjeun geus namatkeun kutukan nu geus nimpa ka kaula.”

“Na...naaaa...naha bisa kieu, Pangéran?” Putri Sekar Konéng nanya arapap-eureupeup. Putri Sekar Konéng masih ngarasa bingung ku salin rupana Pangéran Leuweung Soléar.

“Kaiklasan haté Putri nu ngaleungitkeun kutukan beungeut monyét nu dialaman ku kaula.”

“Kami geus ngaleungitkeun kutukan nu nimpa anjeun? Pan bisa kitu, Kaka?”

“Tangtu baé bisa Tuan Putri.”

“Saha nu bieu ngomong kana kami?” Talék Putri Sekar Konéng. Putri Sekar Konéng ngan bisa ngadéngé sora tanpa neuleu saha nu ngomong.

"Kami, Tuan Putri, Peri Leuweung” Témbal Peri Leuweung ngawujudkeun dirina ka hareupeun Putri Sekar Konéng.

“Nyi Putri handap asor jasa. Teu salah paneuleu kami nu geus milih anjeun.”

“Maksudna kumaha, Peri?" Talék Putri Sekar Konéng.

“Nyi Putri nyaéta putri pilihan. Roh para panjaga Leuweung Soléar nu geus nungtut Nyi Putrika dieu. Haté anjeun mula jeung tulus jasa ka sasama. Kahadéan anjeun nu mantak ngancurkeun kutukan nu geus nimpa Pangéran Leuweung Soléar. Hatur nuhun, Putri.”

Ucapan Peri Hutan nyieun Putri Sekar Konéng paham naon nu sabenerna kaalaman ku Pangéran Leuweung Soléar.

Putri Sekar Konéng bagéa jasa neuleu Pangéran Leuweung Soléar salin rupa jadi kasép. Manéhna neuteup jero beungeutna Pangéran Leuweung Soléar, lila jasa. Pangrasana doang nu teu percaya, lamun pangéran kasép nu aya disanghareupeuanana nyaéta Pangéran Leuweung Soléar anu tadina mah mibeungeut monyét.

"Naha, Putri deuk neuleu kaula jiga kitu baé?" Pangéran Leuweung Soléar negur Putri Sekar Konéng. Putri kaisinan, laju ngelukkeun huluna.

“Daék henteu Dinda jadi Pamajikan kaka?” Ucap Pangéran Leuweung Soléar deui.

Ucapan Pangéran Leuweung Soléar nyieun Putri Sekar Konéng isin. Kahadéan Pangéran ditarima ku Putri Sekar Konéng

Pangéran Leuweung Soléar lajuna mah balik deui ka Kerajaan Kertamukti. Raja jeung Ratu bungah jasa sabab putra mahkotana geus balik deui. Rahayat Kerajaan Kertamukti galumbira ku kadatangan putra mahkota maranéhanana. Pangéran Leuweung Soléar ngenalkeun Putri Sekar Konéng ka Raja jeung Ratu. Raja jeung Ratu narima kadatangan Putri Sekar Konéng salaku calon istrina putra makhota ku suka bungah. Aranjeunna geugeuraan ngalamar Putri Sekar Konéng ka Karajaan Amanjaya keur Pangéran Leuweung Soléar atawa Pangéran Satria Anom.

Pernikahan Pangéran Leuweung Soléar jeung Putri Sekar Konéng ramé jasa. Sakabéh rahayat Karajaan Kertamukti jeung Amanjaya milu ngaramékeun kariaan pernikahan. Sakabéh pangeusi Leuweung Soléar ogé milu bagéa kana pernikahan nu dilaksanakeun salila tujuh poé tujuh peuting. Monyét-monyét Leuweung Soléar ngajagaan di luar Karajaan kadoang prajurit monyét. Peri Leuweung méré restu ku ngucapkeun mantra hadé keur kahirupan rumah tanggana Pangérang Leuweung Soléar jeung Putri Sekar Konéng.

Pangéran Leuweung Soléar geus balik deui jadi Pangéran Satria Anom. Pangéran Anom jeung Putri Sekar Konéng ngajalankeun kahirupan pamaréntahan karajaan kalawan wijaksana. Pangéran Satria Anom nyieun jangji supaya terus ngaraksa ngariksa Leuweung Soléar jeung ngajaga pangeusina. Pangéran Anom nyaram rahayat Karajaan Kertamukti jeung Amanjaya moro di Leuweung Soléar.

Epilog

Pernikahan Pangéran Satria Anom jeung Putri Sekar Konéng nyéta lambang pangiket jangji suci nu kudu diraksa kalawan éndah. Barudak nu gareulis jeung karasép geus mapaésan bagéana Pangéran Satria Anom jeung Putri Sekar Konéng. Carita maranéhna ngajadikeun carita utama nu didéngékeun barudak saaacan saréna. Para kolot nyaritakeun carita patualangan Pangéran Satria Anom, kahadéan haté Putri Sekar Konéng salaku usaha nepikeun ajén-ajén kearifan dina kahirupan salaku wujud budaya, masarakat Karajaan Kertamukti ka katurunanana.

TENTANG PENULIS

Eko Saptini lahir di Yogyakarta, pada 15 Januari 1970. Anak bungsu dari lima bersaudara. Allah yang maha kasih, memberikan pasangan hidup melalui pertemuan yang tak pernah diduga. Kini sudah 20 tahun menikah dengan Eko Supramono S., dan telah dikaruniai tiga orang anak yang membuat wanita pekerja keras ini, merasakan kehidupan yang bertambah lengkap.

Satu orang putri cantik dan dua putra perkasa, menjadi penyemangat di tengah gelombang lautan kehidupan. Mereka adalah lampu suar arah pulang, dan pemberi selaksa embun di gelas lelah. Harap dan doa pada yang kuasa, jadikan mereka berkata pada dunia. Vila Tomang, rumah mungil di Tangerang, menjadi istana tempat bersenda gurau bersama keluarga, hingga saat ini. Senang dengan dunia teater, membuat jiwanya terus mengembara, maka melampiaskan hobinya tersebut dengan menjadi pembina ekstrakurikuler di instansi tempatnya mengajar, yaitu SMK Negeri 2 Kabupaten Tangerang.

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Hiji carita baheula di Leuweung Soléar nu bisa méré ajén-ajén kahirupan, jeung picontoeun keur barudak. Ieu carita ngeunaan pangéran karajaan nu kudu diungsikeun ka leuweung sabab beungeutna nyeplés monyét tina hasil kutukan Sang Resi. Cenah, ieu kutukan bisa leungit lamun Pangéran bisa manggih jeung jodona anu haténa wening sarta daék narima kaayaan wujudna nu teu sampurna. Kumaha nasibna Pangéran Soléar? Naha manéhna bisa manggih pasangan hirup nu narima kadar jeung takdir? Geura teuleuman ieu carita Sang Pangéran di Leuweung Soléar. Sugan baé loba purieunana.

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Kantor Bahasa Provinsi Banten

9 786239 865825